**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BILIM MINISTIRLIGI**

**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI AWIL HA’M SUW XOJALIG’I MINISTIRLIGI**

TASHKENT MA’MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI NO’KIS FILIALI

«ZOOTEXNIYA» fakulteti

«Fermer xojalig’in basqariw ha’m ju’ritiw»

3-kurs ta’lim bag’dari

# Kurs jumisi

**Tayarlag’an:** **Yusupov J**

**Qabillag’an:** **Tajenova G**

**No’kis 2015**

**Tema: Awil xojalig'i o'ndirisinin' ekonomikaliq na'tiyjeliligi**

**REJE:**

**I. Kirisiw......................................................................... 3-4**

**II.Tiykarg'i bo'lim**

**1. Awil xojilg'i o'ndirisi na'tiyjeliliginin' asiriw jollari......................................................................... 5-11**

**2. O'ndiris na'tiyjeliliginin' o'ndirislik ko'rsetkishleri...12-17**

**3. O'ndiris na'tiyjenliliginin' ekonomikaliq ko'rsetkishleri...........................................................18-24**

**III. Juwmaqlaw...............................................................25**

**IV. Paydalanilg'an a'debiyatlar...........................................26**

# Kirisiw

Ma’mleket ekonomikasinda awil xojalig’inin’ orni ha’m ahimiyeti ulken. Keleshekte respublika ekonomikasin barqulla rawajlandiriwdi ta’minlew ushin awil xojalig’in ko’teriw obiektivi esaplanadi.

Awil ha’m turmis da’rejesin ko’teriwge islep shig’ariw qatnasiqlarinin’ mazmun-ahimiyeti o’zgeriwge ASMde alip barilip atirg’an reformalardi shuqirlastiriwg’a, jeke fermer xojaliqlari o’z ma’nisine ko’re awil xojalig’i islep shig’ariwdin’ tiykarg’i formasina, tarawdi barqulla ha’m rawajlaniwin ta’minleytug’in ilajlar sistemasin belgilep berdi.

Awil xojaliq bazar ekonomikasi nizamlari talaplari da’rejesinde rawajlandiriw ushin tarmaqta erkin iskerlik ko’rsetiw imkniyatina iye bolg’an turli turdegi mulk formalarin, olarg’a tiykarlang’an isbilermenlik turleri ha’m olar ortasindag’i erkin bazar qatnasiqlarinin’ teoriyaliq, usillar tiykarinda erkinlestiriw, jetilistiriw, investitsiyalardi tartip, pa’n-texnika utuslari, ja’na texnikalardi, aldi texnologiyalardi islep shig’ariwg’a tartiw, ha’mme resurslardan, kapildan toliq ha’m u’nimli paydalaniw jollarin belgilew, ha’mme ha’rejetler u’nimlew, miynet o’nimdarlig’in ko’teriw, olardi qoshametlew sistemasin rawajlandiriw ha’mde payda summasin ko’beyttiriw jollarin tiykarlang’an halda belgilep aliw maqsetke muwapiq bolip esapllanadi.

O’zbekistan – agrar industrialliq respublika bolip, ma’mleket ekonomikasinda awil xojalig`inin’ a’hmiyeti u’lken. Sebebi onda respublika ishki uliwma o’nimnin’ ushten birbo’limin, aziq awqat o’nimlerinin’ 95-97 % jaqini o’ndirilmekte. Ma’mleket ko’lemindegi ja’mi valyuta tusiminin’yariminan ko’biregi, artig`i awil xojaliq o’nimlerin eksport qiliw esabina alinbaqta. Endigiden bilay qayta islew sanaatinin’ joqarilawi, rawajlaniwi, xaliqtin’ sani o’siwi, sirtqi bazar talabinin’ o’zgeriwi, ekologik talaplarga juwap beretug’in awil xojaliq o’nimlerin jetistiriw

protsessin ja'nede rawajlandiriw obektiv rawishte talap etilmekte. Sonin' ushin da tarawdi rawajlandiriw ha'm natiyjeliligin asirip, joqarilatiw za'ru'r.

Awil xojalig'in bazar ekonomikasi talaplarinin' da'rejesinde rawajlandiriw ushin tarawdi erkin xizmet ko'rsetiw imkaniyatina iye bolg`an barliq tu'rdegi mu'lk ha'm mu'lkshilik formalarinin', olrag`a tiykarlang'an isbilermenlik tu'rleri ha'm ha'm olar ortasindag'i erkin bazar qatnasiqlarinin' teoriyaliq, tiykargi metodlarin teren'lestiriw, rawajlandiriw, ko'plep investitsiyalar tartiw, pa'n texnika jetiskenliklerin, ja'na texnikalarin, alding'i texnologiyalardi o'ndiriske engiziw, sheklengen jer ha'm suw resurslarinan qisqa ha'm uzaq mu'ddetlerge toliq na'tiyjeli jollarin aniq belgilew, barliq miynet o'nimdarlig'in joqarilatiw, isshi-xizmetlerdi, qoshametlewjolin jetistiriw negizinde payda summasin ko'beytiw jollarina tiykarlang'an halda belgilep aliw maqsetke muwapiq boladi. Bul maselelerdin' ilimiy ha'm a'meliy tiykarlarin jaratiwda, rawajlandiriwda olardi o'ndiriske engiziwde awil xojalig'inin' o'zine qolayli, xalqimizdin' ilimiy o'zgesheliklerin itibarg'a aliw za'ru'r.

Joqaridag'imashqalalrdi erkin bazar ekonomikasi jag'dayindag'i nizam qag'iydalarin, Barliq qatnasiqlardin' mazmunin, sebep ha'm aqibetlerin, tui'siniklerin, olardin' awil xojalig'inda qay da'rejede, qanday formada alip barip atirg'anlig'i, kelshekte jetilistiriw jollarin awil xojalig'i ekonomikasin sho'lkemelstiriw pa'ni u'yretedi.

Respublika awil xojalig'inda alip barilip atirg'an ekonomikaliq reformalardin' ah'miyeti Respublika Oliy ma'jilisinde qabil etilgen nizamlarg'a, president I. Karimov pa'rmanlarina tiykarlang'an.

# 1.Awil xojalig'i o'ndirisi na'tiyjeliligin asiriw jollari.

Awil xojalig'i ekonomikasinin' bunnan bilay da rawajlniwinin' tiykarg'i bag'dari onin' ha'r ta'repleme intensivlesiwinen ha'm o'ndiristin' na'tiyjeliligin arttiriwdan ibarat bolip esaplanadi. Jamiyetlik o'ndiristin' na'tiyjeliligi - bul o'ndirislik jumistin' ekonomikaliq juwmag'i bolip, ol awil xojaliginada kiris ha'm shig'is salistiriw joli menen aniqlanadi.

Awil xojalig'i o'ndirisinin' na'tiyjeliliginin' arttiriw - bul miynet, materiyalliq ha'm finans shiginlarinin' ha'r bir birligine tuwra keletug'in o'nim jetistiriwdin' ha'm milliy doxodtin' ko'lemin aytarliqtay arttiriw kerek, degendi an'latadi. Na'tiyjelilikti arttiriw awil xojalig'i o'ndirisin bunnan bilay da ken'eytiwdi, miynetkeshlerdin' abadanlig'in a'dewir jaqsilawdi ta'miyinleydi.

Awil xojalig'i o'ndirisinin' na'tiyjeliliginin' arttiriwdin' tiykarg'i bag'darlari - ilimiy-texnikaliq progrestin' ( ilim ha'm texnikanin' ) barliq jetiskenliklerin paydalaniwdan; jan'a texnika menen texnologiyani iske engiziwden, awil xojalig'i o'ndirisinin' barliq tarawlarin industrialastiriwdan, miynet o'nimliliginin' o'siwinin' pa'tlerin tezletiwden; o'nimnin' sapasin arttiriwdan; diyxan ha'm fermer xojaliqlarinda o'ndirislik fondlari menen miynet resurslarinan paydalaniwdin' na'tiyjeliligin arttiriwdan ibarat.

O'ndiristin' na'tiyjeliligin analizlep ko'riw onin' ko'rsetkishlerin ha'm olardi esaplap shig'ariwdin' a'hmiyetliligin ko'rsetedi. Ekonomikaliq na'tiyjeliliktin' tiykarg'i ko'rsetkishlerinin' biri diyxannin', fermer xojalig'i jalpi (uliwma) doxodi bolip esaplanadi. Biraq bul ko'rsetkish ka'rxananin' bunnan bilay da rawajlaniwi ushin onin' barliq mumkinshiliklerin aniqlap bere almaydi. Ma'mleketlik doxodlardin' tiykarg'i deregi retinde paydag'a, o'nimnin' o'zine tuser bahasin

kemeytiwdin' ha'm paydani ka'liplestiriwdin' rolin arttiriwg'a ulken a'hmiyet beriledi. Ka'rxana ( diyxan, fermer xojalig'i ha'm t.b. ) duzgen sap doxodtin' ko'lemi ha'm onin' paydalaniliwi awil xojalig'i o'ndirisi na'tiyjeliliginin' ken' ma'nili ko'rsetkishi bolip esaplanadi. Sap doxod qanshelli joqari bolsa, ken'eytilgen udayi qayta o'ndiriw ushin mumkinshilikler de sonsheli ko'p boladi. Awil xojalig`i karxanasinin` xaliq xojalig`indag`i na`tiyjeligi onin` elimizdin` putkil xalqin aziq awqat zatlari menen, sanatti shiykizat penen ta`miynlew, elimizdin` qorg`aniw uqibin bekkemlew isine qatnasiwi menen belgilenedi. Pu’tkil o`ndiristin ekanomikaliq na`tiyjeliliginin` da`rejesine ayirim o`nimlerdi jetistiriwdin` rentabelliligi a`dewir ta`sir jasaydi.O`nimnin` buziliwi ha`m israp boliwi jumsalg`an ja`miyetlik miynettin` na`tiyjeliligin to`menletedi, sap doxod penen paydanin` massasin kemiytedi.

Fond penen ta`miynleniwshiliktin` ha`m fondtin` o`tiliwinin` o`siwi awil xojalig`i o`ndirisinin` na`tiyjeliligin artiriw mumkinshiligin duzedi.

Awil xojalig`ina xizmet ko`rsetetug`in sanattag` texnikaliq progress diyxanshiliq ha`m mal sharwashilig`inin` o`nim birligine jumsalatug`in kemiytiwge, miynet o`nimliliginin` artiwina ha`m demek, awil xojalig`i o`ndirisinin` na`tiyjeliligin artiriwg`a ta`sir jasay xojalig’I o’ndirisinin’ na’tiyjeliligin aniqlaw. Awıl xojalıg`ı o`ndirisi na`tiyjeliligin asırıw ju`da` ko`p faktorlar ha`m sha`rt sha`rayatlarg`a baylanıslı. Olar arasında miynet resurslarına aqılg`a muwapıq paydalanıw ha`m awıl xojalıg`ındag`ı miynettin` ma`wsimiyligi o`zine ta`n a`hmiyetke iye. Basqa ta`repten bolsa sharwashılıq tarmaqların jaylastırıw ha`m uyg`ınlastırıwdı qubla, oraylıq ha`m arqa aymaqlarının` o`zine ta`n qa`siyetlerin ja`ne de usınıs etilip atırg`an eginler quramı masshtabında azıq-awqat tu`rleri boyınsha alınatug`ın ko`lemlerin esapqa alg`an halda a`melge asırılıwı u`lken na`tiyje beredi. Sebebi bul aymaqlarda paxta-ma`kke-ju`werini ha`m keyin ala g`a`lleni de esapqa alg`an halda qollanılatug`ın almaslap egiw diziminde alınatug`ın azıq-awqat tu`rleri ha`m olardın` mug`darları tu`rli da`rejede

boladı. Demek, diyxanshılıq eginlerin almaslap egiw sharwashılıqtı rawajlandırıwdın` tiykarg`ı sha`rtlerinen biri bolıp tabıladı. Bunnan tısqarı, palız-azıq-awqat almaslap egiw diziminen alınatug`ın shireli

azıq-awqatlar da qosımsha derek sıpatında itibarg`a alınıwı maqsetke muwapıq. usınday qılıp, bizin` esap-kitaplarımızg`a ko`re, 2015 jılg`a barıp Qaraqalpaqstan Respublikasında sharwashılıqtı na`tiyjeli rawajlandırıw ushın Jami 2763,6 mın` tonna azıq-awqat yaki azıq-awqat birliginde 956,6 mın` tonna tayarlanadı. Usıg`an muwapıq, suwg`arılatug`ın aymaqlarda tiykarınan qaramalshılıq ha`m sho`l jaylawlarda qarako`l qoyshılıg`ın rawajlandırıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Su`t-go`sh bag`darındag`ı qaramalshılıqta sawın sıyırlardın` salmag`ı 43-45 protsent a`tirapında bolg`anında belgili bir shirket yaki fermer xojalıg`ı egin maydanlarında jetistiriletug`ın azıq-awqat bazasına tiykarlang`an halda olardı aylandırıw ushın yarım ashıq bastırmalarg`a iye bolg`an arnawlı malxanalarda statsionar halda bag`ıw joqarı na`tiyje beredi. Bunday bag`ıw usılı ko`birek qubla ha`m oraylıq aymaqlarg`a sa`ykes bolıp, joqarı na`tiyjeler beriw menen bir qatarda xalıqtın` su`t ha`m go`sh o`nimlerine bolg`an mu`ta`jin qandırıw, qaramalshılıqtı joqarı rentabelli tarmaqqa aylandırıw imkanın beredi.

Qubla ha`m oraylıq aymaqlardan parqlı ra`wishte arqa territorisında qaramalshılıqtı eki bag`dar boyınsha, sonın` ishinde: paxtashılıq ha`m salıshılıq xojalıqlarında su`t ha`m go`sh jetistiriwge, otlaq ha`m pishenliklerge iye bolg`an aralas tarawlı xojalıqlardı bolsa u`stin da`rejede go`sh jetistiriwge qa`niygelestiriwdi usınıs qılamız. Azıq-awqat bazasının` ko`lemi ha`m quramına muwapıq keleshekke mo`lsherlengen qaramallar sanının` o`siw su`wretinin` mag`lıwmatları boyınsha, 2015 jılg`a barıp qaramallardın` sanı 2,1 ma`rte ko`beyiwi kerek. Qaramallar sanının` o`siw su`wretinde rayon ha`m aymaqlar boyınsha parq onsha u`lken emes.

Sonın` menen birge Qaraqalpaqstan Respublikasında qaramalshılıqtan tısqarı qoyshılıq, shoshqashılıq, qusshılıq, atshılıq, tu`yeshilik ha`m usı sıyaqlı basqa

tarmaqlar da bar. Bul tarmaqlardag`ı sharwa mallarının` sha`rtli sanı Jami sharwa mallarının` 20 protsentin, qaramallar bolsa 80 protsentin quraydı. Azıqawqatlardın` joqarıda atap o`tilgen ko`lemi keleshektegi sharwa
malları sanın ko`beyttiriw jeterli.

Fermer ha`m diyxan xojalıqlarındag`ı mallar sanın ko`beyttiriw, olardın` sapasın jaqsılaw su`t ha`m go`sh jetistiriwdi ko`beyttiriwdin` za`ru`r sha`rti esaplanadı. Sharwashılıq o`nimleri - su`t ha`m go`sh jetistiriw ko`beygen ha`m
olardın` na`tiyjeliligi asqan sayın fermer ha`m diyxan xojalıqlarının` bul tarawdag`ı ornı ha`m roli asıp baradı. Nege desen`, xojalıq ju`rgiziwdin` bunday tu`rlerinde jeke materiallıq ma`pdarlıq artadı ha`m na`tiyjede qaramallardın` sanı ha`m o`nimdarlıg`ının` jedel o`siwi ta`miynlenedi , 2015 jıl 1057 mın` tonna yaki musı da`wir ishinde su`t o`nimi o`ndiriw 7,0 ma`rtebege ko`beyedi. Bul – erisiw mu`mkin bolg`an da`reje ju`da` ko`p diyxan ha`m fermer xojalıqlarında ha`r bir bas sıyırdan su`t sawıp alıw 2006-2010 jıllarda jılına ortasha 3600-4200 litrge ten` bolg`an. Bunın` ushın azıq-awqat jetistiriw dizimin jetilistiriw, sharwa malların, zootexnika ha`m veterinariya jumısların jaqsılaw, xızmetkerlerdin` miynetin bazar mexanizmi tiykarında qollap-quwatlaw za`ru`r bolıp tabıladı.

Qaramallar sanı ha`m tiri salmaqtın` o`siwi esabına tiri salmaqta go`sh jetistiriwdi 2015 jılg`a kelip bolsa 77,1 mın` tonnag`a jetkiziw imkanı bar. Qaramalshılıq o`nimleri jetistiriwdin` bunday o`siwine erisiw ushın azıq-awqat bazasın tu`pten jaqsılaw menen bir qatarda ba`rshe tu`rdegi sharwa mallarınan tuyaq alıw jumısların jaqsı sho`lkemlestiriw, qısır ha`m nabıt bolıw hallarına jol qoymaw kerek.

Sıyırlardı o`siriw ushın 2,5-3 jıl dawamında u`lken qarjı sarplanadı. Sonın` ushın sawın sıyırlardan paydalanıw mu`ddetin imkanı bolg`anınsha uzayttırıw, tuyaq alıwg`a jaramlı sıyırlardı esaptan shıg`arılıwına jol qoymaslıq, olardı o`z waqtında qashırıw, tuwıwdan keyin qashırıwg`a shekem bolg`an da`wirin qısqarttırıw kerek. Ba`rshe xojalıqlarda 1-2 jaslı qashırıw jasındag`ı buzawlar menen padanı toltırıw, olardı arnawlı o`siriwdi sho`lkemlestiriw za`ru`r. Ta`jiriybe

ko`rsetkenindey, jaylawlarg`a iye bolmag`an qubla ha`m oraylıq aymaqlarda qaramallardı malxanalarda baylamay saqlaw, jaylawlarg`a jaqın bolg`an arqa aymaqlarda bolsa jaylawlarda, go`sh jetistiriwge mo`lsherlengen xojalıqlarda bolsa ma`deniy-jaylaw sha`rayatında saqlaw mallardı saqlawdın` en` na`tiyjeli dizimi bolıp tabıladı. Su`t ha`m go`sh jetistiriw bag`darlarındag`ı xojalıqlarda bag`ıwdın` tiykarg`ı usılı azıq-awqat bazası quramına qarap, ma`kke-ju`weri beriw esaplanadı. Go`reklerde qalg`an paxtanı tazalaw na`tiyjesinde alınatug`ın shan`g`alaqlar azıq-awqatlandırıw ko`lemin ko`beyttiriwdin` za`ru`r qosımsha rezervi esaplanadı.

Qaraqalpaqstan Respublikasının` tek g`ana paxtashılıq xojalıqlarında 2001 jılı 100 mın` tonnag`a jaqın usınday azıq-awqat toplag`an bolsa, 2006 jılda bul ko`rsetkish 180 mın` tonnanı, 2010 jılda 220 mın` tonnanı, 2015 jılg`a kelip 240 mın` tonnanı qurıwı ko`zde tutıladı. Salıshılıq xojalıqları o`ndiris xızmeti menen baylanıslı tiyisli ko`rsetkishlerdin` analizi sonnan da`liylet beredi, xojalıqlardın` fond penen ta`miynlengenlik da`rejesi miynet o`nimdarlıg`ı ha`m onı qollap-quwatlaw, sonday-aq, jerden paydalanıw na`tiyjelilik ko`rsetkishlerine tikkeley ta`sir ko`rsetedi.

Awil xojalig’I ka’rxanalri ha’m sho’lkemelrinin’ finansliq o’ndirislik xizmeti yamasa avns (o’nim ha’m miynetke aldinnan to’lenetug’in haqi) qa berilgen qarjilar na’tiyjeliligin anmiqlaw ushin ekonomikaliq na’tiyje ha’m ekonomikaliq na’tiyjelilik tu’sinikleri qollaniladi.

Ekonomikaliq na’tiyjelilikti aniqlawdan o’ndiriste eki tiykarg’I waziypani qa’liplestiriw mu’mkin. Birinshi tikkeley waziypalar - qa’rejetlerdin’ belgilengen da’rejesinde joqari na’tiyjelilikke erisiw. Ekinshi qaytarma waziypalar tapsirilg’an na’tiyjelilikke en’ kem qa’rejetler menen erisiw. ha’r bir ka’rxana xizmetinde turaqli, bul waziypalardin’ ha’r ekewin sheshiwge tuwra keledi. Ekonomikaliq rejelstiriw ha’m ekonomikaliq analiz jilliq maqsetleri ushin ekonomikaliq na’tiyjelilik u’lken ah’miyetke iye. Awil xojalig’i o’ndirisinde ekonomikaliq na’tiyjelilikti to’mendegi tu’rlerin ayiriw qabil etilgenен:

- awil xojalig’I xaliq xojalig’inin’ bir tarawi sipatindag’i na’tiyjeliligi;

- awil xojalig’I ayrim tarawlarinin’ (paqtashiliq, pilleshilik, matreiyalliq-texnikaliq ta’myinati h.t.b. na’tiyjeliligi;

- airim awil xojaliq o’nimleri yamasa sharwqa o’nimlerinin’ na’tiyjeliligi. Bul tu’p makroekonomikaliq da’rejede yamasa taraw shegarasinda ha’m makroekonomikaliq da’rejede ka’rxana o’ndirisinde qollaniladi;

- ka’rxannain’ awil xojalig’I o’ndirisi na’tiyjeliligi;

- awil xojalig’I ka’rxanasinin’ sho’lkemelstririwshi bo’limleri na’tiyjeliligi. Bug’an o’z aldina balans ajiratilg’an ha’m ajiratilmag’an barliq o’nimler na’tiyjeliligi kiredi.

- o’z aldina qurilg’an texnikaliq, sho’lkemelstiriwshilik, texnikaliq ilajlar na’tiyjeliligi.

Awil xojalig’I ka’rxanasi na’tiyjelerinin’ esap kitabi ha’m nalaizi a’melge asiriladi:

- o’ndiris na’tiyjeleri ka’rxannain’ o’z mu’ta’jligi ushin jumsalg’an bo’legi shegirip taslang’annan keying islep shig’aruilg’an o’nimler reyalizatsiyasinan tu’sken da’ramat;

- sotsiyalliq na’tiyjeler – ka’rxan aislewshileri ha’m olardin’ shan’araq ag’zalarina jumsalatug’in qa’rejetlerden ibarat.

Awil xojalig’I ka’rxanalrinin’ ekonomikaliq na’tiyjeliligin naiqlaw ushin to’mendegi ko’rsetkishlerdin esap kitabi ju’rgiziledi.

O’ndirilgen jalpi o’nimnin’ jalpi ha’m materiyallasqan miynet ushin ketken qa’rejetlerge qatnasi:

$$ИСям = \frac{ЯМ}{Сж + Фук \bullet Ен}$$

bunda:

YaM – analizlenip atirg’an da’wir ushin awil xojalig’I ka’rxanasi islep shig’arg’an Jalpi o’nimnin’ quni ; a’dette bunday o’nim ushin bir jilliq waqit alinadi.

$С_ж$ – ag’imdag’I o’ndiris shig’inlari, so’m;

$Ф_{ук}$ tioykarg’I o’ndiris qurallarinin’ ortasha jilliq quni, so’m;

$Е_п$ – tiykarg’I qurallar (qarji jumsaliq) din’ na’tiyjelilik koeffitsiyenti.

Awil xojalig’I ka’rxanasi o’ndirgen o’nimlerin realizatsiyalawdan aling’an da’ramat, erisilgen na’tiyjelilik ko’rsetkishui yag’niy haqiyqiy ko’rsetkish esaplanadi.

Sonida aytip o’tiwimiz kerek, respublikamizda agrar reforma jeterli da’rejede alip barilmay atir, ol ko’pten ko’p sotsial-ekonomikaliq tosinlarg’a ushramaqta. Bul tosinlar, en’ aldi menen awi xojaliq islep shig’ariwda tayarg’a ayarliq keypiyatini kisiler oyinan surip shig’ariw ha’m oni bazar tiykarina o’tkiziw barisi barip atirg’ana kelip shiqpaqta. Reformalardi uzliksiz a’meg’e asiriw kerek bolg’an basshilardin’ hammesi da bazar ekonomikasina mas jan’a waziypalardi ele toliq tusinip jetkeni joq. Bazi bir jerlerde xojaliq juritiwdi jan’a qag’iydalari tusinip jetpegenleri sezilmekte. Basqariwdin’ hamme buwinlarinda iskerlik ha’m isbilrmenik jetispey atir. A’melge asirilip atirg’an sho’lkemlesken o’zgerisler, jaratip berigen ekonomikaiq imtiyazlar ha’m qoshametlew sharalarina qaramay, xojaliqlardin’ ishki islep shig’ariw qatnasiqlari aste o’zgermekte. Qabil etilgen nizamlar ha’m parmanlarg’a itibar bermeslik, o’nim islep shig’ariwshilardin’ huquqlarin kemsitiw jag’daylari ushramaqta. Awil xojalig’inin’ jaqsi islewin taminleniwi kerek bolg’an o’z ara aldi berdi qiliwshi tarmaqlardin’ o’z ara birgelikte islesiw mexanizmi jaqsi islep shig’imag’an.

Usi sebepli agrar reformalardi shuqirlastiriwdin' jan'a basqishindag'i tiykarg'i waziypa reformalardin' iskerligin paseytip atirg'an sebeplerin tezrek joq qiliwdan, awilda agrar qatnasiqlardi, en' tiykarg'isi, mulkshilik qatnasiqlarin jan'alawdi toqtatiwdan ibarat boiwi kerek. Agrofirmalar, bazar ha'm sotsial islep shig'ariw infrastrukturasi sistemasin jaratiw, awil xojaliq islep shig'ariwdin' aqilg'a muapiq strukturasin ju'zege keltiriw, diyxanlar miynetine texnikani qollaniwdi ko'beyttiriw, olardi isenimli huquqin qorg'aw da usinda waziypalardan bolip esaplanadi. Usi waziypalar shinjirdag'i en' ahimiyetli zatlar – awil xojaliq o'nimin islep shig'ariwshilardin' o'zlerinde o'z mulkinin' iyesi tuyg'isin bekkemlew ushin kerek jumislardin' hammesin a'melge asiriwdan ibarat bolip esaplanadi. Awil xojalig'indag'i reforma ekonomikaliq o'zgerislerdin' en' ahimitetli buwini dep belgilendi.Diyxanshiliq sektorin rawajlandiriw mashqalalari O'zbekistannin' bazarg'a o'tiw strategiyasinda sheshiliwshi mashqalalardan bolip esaplanadi. Sol sebepli awil xojalig'i ha'r waqit a'melge asirilatug'in ekonomikaliq reformalar orayinda turadi. Ha'mme ekonomikaliq o'zgerislerdin' aqiri tupten o'zgeriwler barisi diyqanshiliq sektorina qansheli shuqir ta'sir etiwine, awil xojalig'inda reformalar qansheli uzaqqa bariwina ko'p jaqtan baylanisi ekenligi qayta-qayta ko'rsetilip o'tilgen edi.

Birinshi basqishta awil xojalig'in reforma qiliw tarawindag'i tiykarg'i waziypalar:

- awilda xojaliq juritiwdin' jan'a formalarin ken' ko'lemde rawajlandiriw, diyxanlar o'zlerin islenip atirg'an jerdin', jetilistirip atirg'an o'nimnin' toliq huquqli iyeleri dep aniq iseniwlerine imkan beretug'in ekonomikaliq qatnasiqlardi formalastiriw;
- paxtadan ha'm basqa eginlerden bosatip alinip atirg'an jer maydanlarin fermer (diyxan) xojaliqlari sho'lkemlestiriwge beriw, qiytaq jerlerdi keneyttiriw, awil miynetkeshlerine jer maydanlarin miyras etip qaldiriw

huquqi menen o'mirlikke paydalaniwg'a berip qoyiw jolin jaqsi duris alip bariw;

- agrosanaat kompleksinde egin maydanlarinin' aqilg'a muwapiq strukturasin jaratiw, paxta egiletug'in maydanlar salmag'in kemeytiriwge, aziq-awqat eginleri, en' tiykarg'isi, da'n jetistiriwdi ko'beytirip bariwg'a qaratilg'an shuqir unamli siljiwlar a'melge asiriw;
- qayta islewshi ka'rxanalardi awil xojaliq shiyki zat jetilistirileтug'in jerge ilaji bolg'ansha jaqin quriw, awilda qolayli sanaat ka'rxanalari ha'm tsexlar quriw, miynettin' tiginshilik formalarin, awil xojaliq islep shig'ariwga xizmet ko'rsetetug'in firmalar tarawin ken' rawajlandiriw.
- Awil xojalig'inda sotsial ha'm islep shig'ariw infrakstrukturasi trawlarin jaqsi rawajlandiriw, awil turg'in punktlerin ishimlik suw ha'm tabig'iy gaz menen ta'minlewden ibarat boldi.

Ekonomikaliq na'tiyjelilikti a'melge asiriw ushin qollanilatug'in investitsiyalar. Bul investitsiyalardin' tiykarg'I maqseti bolip to'mendegiler esaplanadi:

1. Firmalardin' u'skenelerin almastiriw.
2. Firmalarda islep atirg`an xizmetlerdin' mamanligin asiriw.
3. Islep shigariw quwatlilig`in na'tiyjeli teriytoriyalarg`a ko'shiriw.

## 2.O`ndiris na`tiyjeliliginin` o`ndirislik ko`rsetkishleri.

**Diyxanshiliqtin` rawajlaniwinin` tiykarg`i ko`rsetkishleri.** Diyxanshiliqtin` rawajlaniwinin` tiykarg`I ko`rsetkishleri minalar: egislik jerler, zura`a`tililik, jiynalg`an uliwma o`nimler , egislik jerlerdin` struktuwrasi, sonday-aq egislik maydaninin` birligine jumsalg`an qarjilar .

Diyxanshiliq awil xojaliq o`ndirisinin' tiykarg`i tarmaqlarinan biri bolip, xaliqtin` aziq awqatqa, sanaattin' bolsa shiyki zatqa bolg`an mu'tajlidin

ta’minleydi, sharwashiliqti ot-jem menen ta’minleydi ha’m bul tarmaqtin’ rawajlaniwinda baza esaplanadi.

G’alle tiykarg’i aziq o’nimi bolg’anlig’i ushin O’zbekistanda da’n jetistiriwdi tez ko’beyttiwge ulken itibar berilmekte. Da’nshilik awil xojaliq islep shig’ariwinin’ en’ ahimiyetli tarawlarinin’ biri bolip esaplanadi. Dala eginleri balansinda, da’nshiliktin’ u’lesi ju’da ulken. Ja’ha’n ma’mleketlerinde da’nli eginlerden ko’p tarqalg’ani biyday, sali, makke, arpa, juweri, tari, suli, javdar bolip esaplanadi.Da’nli eginlerden biyday menen salini xaliq kobinshe aziqliq retinde paydalanadi. Jer juzindegi 70 % biyday, 30 % sali o’nimin aziqliq retinde paydalanadi. Da’nli o’simlikler o’zinde insan organizmi ushin kerek bolg’an belok zatlar ha’m uglevodti ko’p saqlaydi. Biydaydin’ ximiyaliq qurami 13,6 % suw , 16,8 % belok zati, 63,8 % uglevod, 2 % may ha’m basqalar quraydi. Sonday-aq danli o’simliklerdin’ quraminda fermentler ha’m B vitaminleri jiynag’i (B1, B2, B6) PP ha’m provitamin A bar.

Ma’mleketimizdin’ suwg’arilatug’in jerlerde basaqli g’alle eginlerinin’ ortasha o’nimdarlig’i 35- 40 tsentnerdi, makke da’ni 40-50 tsentnerdi quraydi. Salinin’ ortasha o’nimdarlig’i 35-38 tsentnerdi quraydi. Keleside sali maydani bir qansha qisqariwi, o’nimdarlig’in bolsa ko’teriw ko’zde tutilg’an. Lalmikor jerlerden alinatug’in biyday ha’m arpa o’nimi orta esabinda 8-12 tsentnerdi quraydi. Usini ayriqsha atap aytiw kerek, lalmikor jerlerde ko’plep egiletug’in biyday ha’m arpa eginleri guzde egilgende ba’ha’rdegine qarag’anda joqari o’nim beredi. Bizge belgili qatti ha’m kushli biyday da’ninin’ bahasi apiwayi biydayg’a qarag’anda joqari boladi. Usinday eken, intensiv texnologiyani ken’ jayiw tiykarinda ko’plep kushli ha’mde qatti biyday jetistiriw ulken ekonomikaliq ahimiyetke iye bolip, xojaliqlardin’ da’ramatin ko’beyttiriwde, makaron, konditer ha’m aziq-awqat sa’naatin sipatli shiyki zat penen ta’minlewde ahimiyetke iye.

Sonida ayriqsha atap o’tiw kerek, O’zbekistannin’ qubla, qubla-batis ha’mde orayliq rayonlarda tabiyiy klimat sharayatinda kushli ha’m qatti biydaydan mol,

sipatli o’nim aliw imkaniyati ju’da ulken. Bunda arnawli egiwge rayonlastirilg’an joqari sipatli o’nimdarlig’I joqari sortlardi jaqsi tuqimlarin egiw ha’m joqari agrotexnikani qollaw maqsetke muwapiq bolip esaplanadi.

Gu’zgi eginler. Gu’zgi eginler a’dette gu’zde egiledi ha’m o’nimi kelesi jilda jiynap alinadi. Gu’zde egiletu’g’in eginler jilliq bolip jaqsi o’nim beredi. Gu’zgi eginlerdin’ ba’ha’rgi eginlerden tiykargi parqi onin’ yarovizatsiyasinda bolip esaplanadi. Gu’zgi da’n egiw o’simliklerdin’ qarag’anda to’men temperaturada uzaq waqit yarovizatsiya dawirin keshiriw ushin egiledi. Guzgi da’n tuqimin ba’ha’rde jaqsi payda bermeydi, sebebi tuqim uzaq waqit yarovizatsiya basqishin basinan keshire almay qaladi, ju’da ulken tamir sistemasi payda etedi ha’m topraq asti vegetatsiya barisi keshiriledi, japraq payda qiladi, o’nim bo’rtigi kem, biraq tuqim beretu’g’in bo’ligi formalanbaydi ha’m egin o’nim bermeydi.

Gu’zgi biyday. Gu’zgi biydaydin’ tuximi temperatura +1, +2 C da’rejede bolg’anda o’nip shig’a baslaydi ha’m onin’ maysalari payda boliwi ushin temperature +12,+15 C da’rejede boliwi kerek. Suwg’arilatug’in territoriyalarda gu’zlik biydaydin’ erte gu’zde egilgen tuximi 7-10 ku’nde, gu’zdin’ aqirinda egilgen tuximi bolsa 20-40 ku’nde ko’gerip shig’adi.

Ba’ha’rgi biyday. Jazliq biyday du’nya diyanshilig’inda ju’da’ kem tarqalg’an bah’ali egon esaplanadi. Jazliq biyday O’zbekistannin’ Samarkand, Tashkent, Sirdarya, Buxara ha’m Surxandarya walayatlarinin’ taw menen tutas territoriyalarinda tolqinli oyli biyikliklerde ha’m suwg’arilmaytug’in jerlerde egiledi. Jazliq biydaydin’ boyin pa’s , pashaqli ha’m da’ni maydaraq bolip, biraz piste toplanadi. Erte egilgen jazliq biyday (fevral-mart) 15-20 ku’n ishinde 1-2 da’rejede issiliqta o’nip shig’adi. Onin’ maysalari 15-20 da’rejede issiliqta jaqsi rawajlanadi.

Ma’kke-juweri. Ma’kke bahali zu’ra’a’ti mol da’nli egin esaplanadi. Onin’ xojaliqta ah’miyeti ha’r qiyli. Ol shrawa mallarina ot-jem adamlarg’a aziq -awqat boladi ha’m texnikada qayta islew ushin shiyki zat esaplanadi.

Ma’kkenin’ quraminda 13 % suw 7,9,7 % belok, 4,5% may, 68,9 % kraxmal, 2,4 % tsellyulyuza, 1,5% vitaminler bar. Ma’kkenin’ vegetatsiya da’wiri sortlarina qaray 85 ku’nnen 160 ku’nge shekem dawam etedi. Ol bir qansha

issiliq talap etiwshi  o’simlik. Ma’kkenin’ o’nip shig’iwi ushin temperature 8-10 da’reje issiliqta o’nip shig’adi.

**Diyxan xojaliqlari iskerliginin’ tiykarg’i ko’rsetkishleri.**

| № | Ko’rsetkishler | 1990jil | 2000jil | 2010jil |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Jami egin maydani | 216.5 | 401.5 | 471.5 |
| 2 | Da`n eginleri | 37.8 | 195.4 | 217.6 |
| 3 | Usidan bosaqli da`n | 11 | 161.1 | 186.5 |
| 4 | Usi tiykarda, biyday | 7.4 | 156.3 | 178.4 |
| 5 | Texnik eginler | 6.1 | 7 | 8.0 |
| 6 | Kartoshka | 12.6 | 40.8 | 54.3 |
| 7 | Baw-baqsha | 64.2 | 86.7 | 112.6 |
| 8 | Poliz | 15.5 | 15.5 | 20.4 |
| 9 | Sharwa ushin aziqliq eginler | 80.3 | 56.1 | 58.6 |

**Mal sharwashilig`i rawajlaniwinin` tiykarg`i ko`rsetkishleri.** Mal sharwashilig`i rawajlaniwinin` tiykarg`i ko`rsetkishleri minalardan ibarat: mallardin` qoldag`i bar bas sani, mallar menen quslardin` jilliq ortasha bas sani, mallardin` o`nimdarlig`, mal sharwashilig`i o`nimlerin uliwma jetistiriw.

Mallardin` bas sani karxananin` ko`lemin, mal sharwashilig`inin` tarawlarin spatlap ko`rsetedi. Mallardin` bas saninin` o`siwi – mal sharwashilig`i rawajlaniwinin` ekstensivlik ko`rsetkishi. Mallardin` bas sani balanisli esaplawlar metodi menen, paydanin` ken`iytilgen udayi qayta o`ndiriliwin, en` ko`p mug`darda o`nim jetistiriwin ta`miyinliytug`in mallardin` ha`m quslardin` barliq turleri boyinsha bas saninin` duziw arqali pilanlastiriladi. Paydanin` bas sani ot-jemge bolg`an talapti esaplap shig`iw ushin tiykar bolip xizmet etedi. Mallar

menen quslardin` ortasha bas sani ot-jemge bolg`an talapti esaplap shig`iw ushin, paydanin` strukturasin aniqlawda, paydani koeffitsentler arqali sartli birliklerge (bas sang`a) o`tkeriwge ha`m mal sharwashilig`i o`niminin` uliwma mug`darin, da`ristim mug`darin belgilew ushin za`rur.

Ortasha jalliq bas sani ha`r bir aydin` basindag`i ha`m aqirindag`i bas sandi qosiw ja`ne shiqqan sandi 2 ge bo`liw arqali esaplap shig`iladi. Jildin` barliq aylarinin` ortasha bir ayliq bas saninin` suwmmasi 12 ge bo`linedi. Mine usilayinsha ortasha jilliq bas sani esaplap shig`ariladi. Anig`raq etip aytqanda, ortasha jilliq bas sani ha`r bir jinisliq ha`m jas gruppasi boyinsha bir jildag`i barliq aziqlandiriw kunlerin qosiw menen ja`ne bul summani 365 kuge (ha`r bir jildag`i kunlerdin` sani) bo`liw arqali esaplap shig`ariladi.

Mal sharwashilig`i o`nimlerinin` uliwma jetistirilgen aling`an to`ldin` ha`m onin` bir jil ishinde bag`ip jetistirilgen o`simnin` ko`lemleri menen semirtip bag`ilip atirg`an iri mallardin` baylag`an salmag`i menen, sonday-aq xojaliqta jetistirilgen ha`m salistirma bahalar boyinsha aqshalay belgilengen suttin`, junnin`, mayektin` ha`m basqa da o`nimlerdin` mug`dari menen belgilenedi.

**Xojaliq tarmaqlari boyinsha sharwashiliqtin` tiykarg`i o`nimlerin islep shig`ariw to`mendegishe:**

| | 2012j. yanvar-iyun | 2011 j. yanvar-iyun protsent esabinda |
|---|---|---|
| | | |
| Go'sh (tiri salmag`inda), min` tn. | **777,6** | **107,0** |
| Usi tiykarda: | | |
| fermer xojaliqlari | 18,3 | 109,6 |
| diyxan xojaliqlari | 738,2 | 106,7 |
| awil xojaliq ka`rxanalari | 21,1 | 113,6 |
| Sut, min` tn. | **3217,0** | **107,0** |
| Usi tiykarda: | | |
| fermer xojaliqlari | 107,1 | 111,4 |
| diyxan xojaliqlari | 3089,5 | 106,9 |
| Awil xojaliq ka`rxanalari | 20,4 | 100,2 |

| | | |
|---|---|---|
| Mayek, mln. dana | **1936,2** | **116,8** |
| Usi tiykarda: | | |
| fermer xojaliqlari | 202,7 | 124,9 |
| diyxan xojaliqlari | 1068,2 | 118,7 |
| Awil xojaliq ka`rxanalari | 665,3 | 111,6 |
| | | |
| Jun, tn. | **15327** | **105,4** |
| Usi tiykarda: | | |
| fermer xojaliqlari | 1166 | 108,5 |
| diyxan xojaliqlari | 12928 | 106,7 |
| Awil xojaliq ka`rxanalari | 1233 | 91,1 |
| | | |
| **qorako'l teri, min` dana** | **955,5** | **105,2** |
| Usi tiykarda: | | |
| fermer xojaliqlari | 39,9 | 108,3 |
| diyxan xojaliqlari | 610,7 | 104,8 |
| Awil xojaliq ka`rxanalari | 304,9 | 105,6 |

Sharwashiliq o'nimlerin (go`sh, sut, mayek) islep shig`ariwdag`i o'siw ha'mme walayatlar boyinsha tiykarinan diyxan ha'm fermer xojaliqlari esabina a'melge asti. Diyxan xojaliqlarinin` u`lisi go`sh islep shig`ariw uliwma ko'lemi 94,9 %, sut islep shig`ariwda 96,0 % ti, mayek islep shig`ariwda 55,2 %ti quradi. Xojaliq tarawlari boyinsha sharwashiliqtin` tiykarg`i o'nimlerin islep shig`ariwdag`i u`lesi to`mendegi ko`riniste:



Fermer xojalig`i o`zine uzaq waqt ijaraga berilgen jer uchaskalarinan paydalang`an halda tovar awil xojalig`i islep shig`ariwi menen shug`illaniwshi fermer xojalig`i ag`alarinin` birgeliktegi iskerligine tiykarlangan, yuridik shaxs huquqlarina iye g`aresiz xojaliq juritiwshi subekt bolip esaplanadi.

Fermer xojalig`i tanlaw tiykarinda, ko'birek miynet resurslari artiqshalig`i sezilmey atirg`an jerlerde ha'm aymaqlarda sho`lkemlestiriledi.

Awil xojalig'i kooperativleri (shirketleri)nin' ag'zalari o'z qa'lewine qaray awil xojaliq kooperativlaerinin' shirket xojaliqlarinin') quraminan shig'iw ha'm mustaqil fermer xojalig'in du'ziw huquqina iye.

Fermer xojaliqlardi sho'lkemlestiriwdin' u'shinshi jo'nelisi juqpali ziyan keltirip islep atirg'an ha'm kem rentabelli awil xojaliq ka'rxanalarin qayta sho'lkemlestirip mu'lik fermer xojaliqlarina aylandiriw bolip esaplanadi.

Awil xojalig'inda kishi ha'm orta biznes wa'kili – fermer xojaliqlarin rawajlandiriw ma'mleketimiz awil xojalig'inda alip barilip atirg'an ekanomikaliq reformalardin' keleshektegi u'stemli,unamli jo'nelislerinin' biri bolip esaplanadi.

## 3. O`ndiris na`tiyjeliliginin` ekanomikaliq ko`rsetkishleri.

Ilimiy-texnikaliq progresstin` rawajlaniwnin` ha`zirgi jag`daylarinada awil xojalig`i karxanalarinin` o`ndirislik jumisin bahalawda onin` ekanomiykaliq ko`rsetkishleri sheshiwshi rol atqaradi. Olardin` tiykarg`ilari: fondtin` o`tiliwi, o`ndiristin` rentabelliligi, onimnin` o`zine tuser bahasinin` ha`m miynet o`nimliliginin` da`rejesi, sap doxodtin` ko`lemi bolip esaplanadi.

Karxanalardin` jumisinin` ekanomikaliq ko`rsetkishleri usi oqiw quralinin` tiyisli baplarinda toliq turde bayan etilgen.

Awıl xojalıg`ında tiykarg`ı o`ndiris quralı ha`m miynet predmeti esaplang`an awıl xojalıg`ına jaramlı jerler keskin sheklengen. Respublika xalqı sanının` o`siwi bir ta`repten awıl xojalıg`ı o`nimlerine talap o`siwine alıp kelmekte, ekinshi a`repten awıl xojalıg`ı jerleri xalıq u`y-jayı, sanaat ob`ektleri qurıwg`a ba`nt qılınıwı na`tiyjesinde jer resursları mug`darı kemeymekte. Sondayaq, ekologiya mashqalası, jerler meliorativ halatı jamanlasıwı, erroziyag`a ushırawı na`tiyjesinde de awıl xojalıg`ına jaramlı jerler kemeyiwi sebepli awıl xojalıg`ına jaramlı erlerden paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw ma`selesi o`te aktuallıq bolıp abılmaqta.

Awıl xojalıg`ı o`ndirisi ko`p jaqtan jawın-shashın, na`tiyjeli temperatura mug`darı, topıraq quramı, suw ta`miynatı ha`m basqa faktorlar esabına ha`r tu`rlishe na`tiyje beredi. Sonlıqtan jerden paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw territoriyalar sha`rayatına say halda eginlerdi jaylastırıwdı talap etedi. Awıl xojalıg`ı eginlerin jaylastırıwg`a ta`sir etiwshi faktorlardı sha`rtli ra`wishte to`mendegi toparlarg`a bo`liw mu`mkin;

- ta`biyiy faktorlar – bular respublika territoriyalarının` agroıqlım ko`zqarasınan bir-birinen parqı tiykarında ju`zege kelip, ha`r bir territoriyanın`

– topıraqtın` mexanikalıq quramı ha`m du`ziliwi; topıraqtın` ximiyalıq quramı; suw menen ta`miynlengenlik da`rejesi; na`tiyjeli jıllıq temperatura mug`darı; uyashlıku`n uzınlıg`ı; jıllıq jawıngershilik mug`darı sıyaqlılar arqalı sa`wlelenedi;

- ilimiy-texnikalıq faktorlar-sanaat ka`rxanalarının` rawajlanıw da`rejesi ha`m jaylasıwı; jol-transport tarawı rawajlanıwı; o`ndiristin` mexanizatsiya da`rejesi; o`ndiristi ximiyalıq urallar menen ta`miynlew; selektsiya jumıslarının` rawajlanıw da`rejesi sıyaqlı faktorlar arqalı baqlanadı;

- sotsiallıq-ma`deniy faktorlarg`a xalıq territoriyalıq u`rp-a`detleri, da`stu`rleri, ha`m qa`driyatları; diyxanshılıq ma`deniyatı miyrası; xalıqtın` azıq awqat tutınıwındag`ı, miynetke ha`m ta`biyatqa mu`na`sibetindegi parqlar ha`m basqalar kiredi.

Usı faktorlar awıl xojalıq eginlerin jaylastırıwg`a tu`rlishe ta`sir etedi. Olar ta`sirin esapqa alıw ko`zlengen na`tiyjelerge erisiwde tiykarg`ı jag`day bolıp xızmet qıladı.

Bazar sha`rayatında awıl xojalıg`ı eginlerin aqılg`a muwapıq jaylastırıwdın` tiykarg`ı sha`rti menen egin maydanı birliginen alınatug`ın paydanı maksimallastırıw esaplanadı. Makroekonomikalıq ko`lemde da`ramatlı ha`m mikroekonomikalıq ko`lemde pa`s da`ramatlı eginlerdi jaylastırıw ma`selesinde Jamiyet ko`z-qarasınan jantasıw za`ru`r. Biraq, bazar ekonomikası o`ndiristin` mikro ha`m makroekonomika masshtabında o`nimler o`ndiriw ja`ne de xızmetler ko`rsetiwge sarplang`an qa`rejetler alıng`an da`ramat penen qaplanıwın ha`m xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler o`ndiristi rawajlandırıwdı ushın za`ru`r bolg`an paydalılıq da`rejesine iye bolıwın talap etedi. Demek, Jamiyet mu`ta`jlerin qandırıw maqsetinde o`nimler jetistiriw ushın jaylastırılatug`ın awıl xojalıg`ı eginlerin o`stiriwshi ka`rxanalar ma`mleket ta`repinen qollanılatug`ın qollap-quwatlawshı jen`illiklerden paydalanıwları kerek. Bunday ekonomikalıq jen`illikler salıq dizimi, materiallıqtexnikalıq ta`miynat yaki tuwrıdan-tuwrı bazarlar arqalı awıl xojalıg`I ka`rxanaların ma`mleket mu`ta`jleri ushın o`nim jetistiriwge qollap-quwatlawı kerek. Sonday-aq, awıl xojalıg`ı o`nimlerin en`

joqarı payda alıw imkaniyatlarınan tolıq paydalang`an halda satıwg`a erisiw za`ru`r ma`sele esaplanadı. Awıl xojalıg`ı o`nimlerin satıwda qayta islew ka`rxanaları, tayarlaw msho`lkemleri quwatı, transport xızmeti sapası pa`sligi, jollar ahwalı jamanlıg`ı, o`ndirilgen o`nimlerdi saqlaw imkaniyatları kemligi ha`m basqa sebeplerge ko`re, ko`plep mashqalalar na`tiyjesinde diyxan da`ramatının` bir bo`legin jog`altadı. Sonlıqtan awıl xojalıg`ı eginlerin jaylastırıwda usı faktorlar da esapqa alınıwı lazım.

Izertlewler ko`rsetiwinshe, jerden paydalanıw ekonomikalıq na`tiyjeliligin arttırıw quramalı ekonomikalıq protsesslerdi o`z ishine aladı. Usı protsessler awıl xojalıg`ı o`ndiris dizimi masshtabında agrotexnikalıq, texnologiyalıq, ho`lkemlestiriw, ekonomikalıq dizimlerden quraladı. Sonlıqtan jerden paydalanıw konomikalıq na`tiyjeliligine agrotexnikalıq, ekonomikalıq, texnologiyalıq, sotsial-ekonomikalıq ha`m sho`lkemlestiriwekonomikalıq protsessler na`tiyjeliligi ıyındısı sıpatında qaraw maqsetke muwapıq. Sebebi ekonomikalıq-texnologiyalıq a`m agrotexnikalıq protsessler jerdin` ta`biyiy, passiv ha`m ekonomikalıq o`nimdarlıg`ı, suw ta`miynatı da`rejesi, tiykarg`ı qurallardan paydalanıw da`rejesi, tiykarg`ı qurallardan paydalanıw da`rejesi ha`m eginler biologiyalıq potentsialdan aydalanıw da`rejesin o`zinde sa`wlelendirse, sotsial-ekonomikalıq na`tiyjelilik bolsa, agrotexnikalıq, ekonomikalıq-texnologiyalıq protsessler na`tiyjeleri saplanadı ha`m o`ndiris protsessine tu`rtki beriwshi ekonomikalıq ma`pler en`illikleri arqalı o`ndiris maqsetine erisiwdi ta`miynleydi. Usınday qılıp, jerden aydalanıw ekonomikalıq na`tiyjeliligi awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriw rotsessinde sarp qılıng`an materiallıq ha`m miynet resursları esabına awıl xojalıg`ına jaramlı jer maydanları birliginen alıng`an da`ramat mug`darında o`z sa`wleleniwin tabadı, anıg`ırag`ı bul sarp-qa`rejetler ha`m da`ramatlar ortasındag`ı salıstırma arqalı a`wlelendi.

Awıl xojalıg`ında ha`r qıylı xojalıq ju`rgiziw tu`rindegi ka`rxanalar iskerligi awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıwdın` mazmun, a`hmiyetin o`zgerttiredi. Usı menen birgelikte jer maydanlarının` iyesi ma`mleket ekenligi, jerden na`tiyjeli

paydalanbag`an awıl xojalıg`ı ka`rxanası jerden paydalanıw huqıqınan ayırılıwı mu`mkinligi, awıl xojalıg`ı jerlerinen tek g`ana awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriw ushın paydalanıwdı ma`jbu`riy sharag`a aylandırdı. Ekinshi ta`repten tek g`ana jerden na`tiyjeli paydalanıwdı jolg`a qoyg`an awıl isbilermenleri g`ana bazarda xojalıq ju`rgiziw imkaniyatına iye boladı. Egin maydanları quramın optimallastırıw protsessi ma`lim da`wirler dawamında sotsial-ekonomikalıq jag`daylardan kelip shıg`ıp, udayı ra`wishte dawam etiwshi protsess esaplanadı. Bunda tiykarg`ı itibar ekonomikalıq mashqalalardı sheshiwge (egin maydanı birligi esabınan ko`birek da`ramat alıw wazıypasın sheshiw) qaratılsa da, usı maqsetke sho`lkemlestiriw, agrotexnikalıq ha`m ekologiyalıq mashqalalardı sheshpey erisip bolmaydı.

Awil xojalig'inda basqariw duzilislerin qayta sho'lkemestiriw barisinda birlemshi awil xojaliq buwini qanday boliwi kerekligi aniq boldi. Bul – fermer xojaliqarin birlestiretug'in ha'm olarg'a xizmet qilatug'in, jol joba korsetetug'in ha'm materiyalliq-texnikaliq jetkiziliwi, texnika, agroximiya xizmeti ko'rsetiw maselelerinde jardem beretug'in kooperativ boliwi kerek.

Fermer xojaliqlari awil xojaliq islep shig'ariwdi sho'lkemlestiriwdin' tiykar sipatinda iskerlik ko'rsetiw kerek. Olar na'tiyjelili islewi ushin bolsa ken' tamir jayg'an, jaqsi xizmet ko'rsetiwshi infrastruktura – agrofirmalar, mashina-traktor parkleri, on'law ustaxanalari, tayarlaw punktleri, awil xojaliq o'nimlerin qayta islewshi kishi ka'rxanalar ha'm usig'an uqsag'anlar bar boliwi kerekligi en' kerekli qag'iyda boldi.

Islep shig'arilg'an ta'repler ha'm jantasiwlarg'a tiykarlanip, birinshi basqishta ma'mleket xojaliqlarin gruppa, kooperativ, aktsionerlik xojaliqlarina ha'm ha' turli jeke xojaliq ka'rxanalarina aylandiriw barisi a'melge asirildi. 1992 jildan baslap o'tken waqt barisinda bar bolg'an 1137 ma'mleket xojalig'inan 1066 si mulkshiliktin' aktsionerlik, gruppa ha'm ijaradag'i ka'rxana formalarina aylantirildi. Olar negizinen 530 gruppa xojalig'i, 350 ge jaqin kooperativ, juzden artiq ijara ka'rxanasi, sonday-aq mulkshiliktin' basqa formalarina tiyisli bolg'an

ka'rxanalar sho'lkemlestirildi. Bunnan tisqari, 1516 qaramalshiliq fermasi miynet toparlarinin' mulki etip berildi. Ha'zirgi waqitta sharwashiliq o'nimlerin jetistiriwge qanegelespegen xojaliqlardin' fermalari menshiklestirilmekte ha'm menshik mu'lk etip satilmaqta.

Na'tiyjede awil xojaliq islep shig'ariwdin' qurami mulkshilik formalari boyinsha bir qansha o'zgerdi. Awil xojalig'inda ma'mleketke qarasli bolmagan sektor sezilerli da'rejede bekkemlendi. Eger 1991 jilda awil xojaliq islep shig'ariwi putkil koleminin' 37 % ma'mleket sektori esabin, usig'an tiykarlang'an halda 63% ma'mleketke qarasli bolmag'an sektor esabina tiwri kelgen bolsa, 1994 jilda ma'mleketke qarasli bolmag'an sektor putkil o'nimnin'diyerli 95 % islep shig'ardi.

Ekonomikaliq o'zgerisler a'melge asirilg'an jillarda xaliq turg'inlari paydalaniwi ushin qosimsha bolg'an 550 min' gektar suwg'arilatug'in jer ajratildi. Bul – qarar qabil qilinbastan aldin xaliq turg'in iye bolg'an jer maydaninan bir qansha ko'p. Jeke qiytaq ushin berilgen jerdin' uliwma maydani diyerli 700 min' gektarga jetti. 9 millionnan artiq adam usi jer o'niminen paydalanbaqta. Qiytaq jerlerdin' ortasha ko'lemi 0,2 gektardan artiq bolip, bul jer resurslari sheklengen bir sharayatta juda ulken bayliq bolip esaplanadi. Jeke uylerde barliq qaramallardin' 70 % , qoy ha'm eshkilerdin' yarimi bag'ilmaqta. Keyingi ush jilda barisinda bul xojaliqlardin' awil xojaliq islep shig'ariwi uliwma ko'lemindegi u'lesi 30-44 % arasinda boladi. Olarda ( 1994 jil aqirina ko're ) uliwma suttin' 76 % , goshtin' 70 % , kartoshkanin' 56 % , baw-baqshanin' 63% , ha'm miywenin' 60 % jetilistirilip atir.

Usi menen birge bul xojaliqlar ushin jerlerdin' o'nimdarlig'in saqlaw ha'm asiriwda ma'mleket ta'repinen kepillik jaratiw joli menen olardi qorg'aw sistemasi juzege keltirildi. Diiyxanlarg'a texnika, toginler, tuximlar ha'm na'ller menen arnawli xizmet ko'rsetiw sistemasi jaqsi formalasip barmaqta. Veterinariya ha'm selektsiya xizmeti jan'a qag'iydalar tiykarinda qayta qurilmaqta. Rayonlarda

turg’ing’a awil xojaliq eginlerinin’ tuqimlarin ha’m baw-baqsha na’llerin satatug’in sawda dukanlari ashilmaqta.

Na’tiyjede 1994 jildin’ o’zinde g’ana diyxan (fermer) xojaliqlari sani 1,9 ese ko’beydi ha’m jil aqirinda 25 min’nan ziyatin quradi. Usilardan 10 min’nan artiq xojaliq sharwashiliq o’nimi jetistiriwge qaniygelesken.

Fermer xojaliqlari eginzarlardin’ uliwma maydani 1994 jilda 1993 jildag’ina qarag’anda 2,7 ese artti. Bul jerde dan jetistiriw 3 ese, kartoshka ha’m baw-baqsha paliz o’nimlerin jetistiriw 3,3 ese , go’sh jetistiriw 3 ese, sut jetistiriw 2,1 ese, mayek jetistiriw 1,3 ese ko’beydi. Bular fermer (diyxan) xojaliqlarin rawajlandiriwdin’ da’slepki basqishinda qolg’a kiritilgen a’meliy na’tiyjeler bolip esaplanadi.

2008 jilda baslap, respublikamizda fermer xojaliqlarin optimallastiriw tiykarinda qayta sho’lkemliestiriw is ilajlari a’melge asira baslandi. Alip barilg’an is ilajlar tiykarinda kishi fermer xojaliqlarinin’ sanin kemeytip, olardin’ ornina 109,3 ming’a jaqin jan`a fermer xojaliqlari sho`lkemlestirildi. 2008-jildin` juwmag`ina ko`re fermer xojaliqlari esabinan respublikamizda jetistirilip atirg`an paxtanin` 99,2 %, da`nli eginlerdin` 81,4%, kartoshkanin` 18,1 %, baw-baqshanin` 35 %, juzimnin` 55,2 % ne tuwiri keldi.

Fermerlik ha`reketine joqari a`himiyet berilip, awil xojalig`inda mulikke iyelewshiler klassi ha`r ta`repleme qollap quwatlawg`a qaratilg`an agrar siyasatinda 2000-2011- jillarda fermer xojaliqlarinda da`n jetistiriw 10 esege jaqin, kortoshka 13 ese, miywe 26 ese, juzim 20 eseden ziyat asti.

Tek 2012- jildin` o’zinde 1,2 million gektar suwg`rlatug`in jerlerdin` meliorativ jag`dayi jaqsilandi. Kushli ha`m orta shorlang`an maydanlar 81 min` gektarg`a kemiydi, 365 min` gektar maydanda jer asti suwlarin awil xojaliq eginleri ushin normal qa`ddine tusiriliwne erilisip, o`nimdarliq paxtashiliqta 2003- jilg`a qarag`anda 4,9 tsentnerge, g`a`lleshilikte bolsa 9,5 tsentnerge asti.

Awil xojalig`inin` en` ahiymetli wa`ziypalarinan biri ma`mleket xalqinin` aziq-awqat o`nimlerine ha`m qayta islew sanaati ka`rxanalardin` shiyki zatqa bolg`an talabin qandiriwdan ibarat bolip esaplanadi. Sondayaq awil xojalig`I ma`mleketimiz agro sanaat jiyindisinin` jetekshi tarmag`I bolip, diyxanshiliq, sharwashiliq ha`m miywe baw-baqshashiliq o`nimlerin islep shig`ariw barisin o`z ishine aladi.

Bul waziypania'melge asiriw awil xojalig'inda pa'n texnika rawajlaniwin tezlestiriw, ekonomikaliq qatnasiqlardi jetilistiriw, mulkshilik ha'm xojaliq juwritiwdin` turli formalarin rawajlandiriw, sheklengen resurslar sharayatinda materiyalliq ha'm xizmetlerdi islep shig'ariw, bo'listiriw ha'm tutiniw waqtin quramali jolg'a qoyiw arqali ta'minlenedi.

2012 jildin` yanvar-iyuninda islep ishig`arilg`an jalpi ishki o'nimnin' ko'lemi, da'slepki mag'lumatlarg'a ko're, hazirgi bahada 41686,2 mird. somdi quradi ha'm 2011 jildin' yanvar-iyunina qarag'anda 8,1 % ge o'sdi.

JIO' uliwma ko'lemi 79,3% (2011 jildin' yanvar-iyuninda 78,8 %) ekonomikanin' ma'mleketlik emes sektorinda, 20,7% (21,2%) ma'mleket sektorinda islep shig'arildi. Yanvar-iyunda JIO'nin` mulkshilik formalari boyinsha bolistiriliwi to'mendegishe:



Respublikada awil xojlig’ina tiykarg`i itibar ma`mlekettin` klimat, jer-suw, ha`m materiyalliq resurslardan ha`mde xalqtin` a`srler dawaminda toplag`an diyxanshiliq ma`deniyatinan u`nimli paydalaniw negizinde awil xojaliq o`nimlerin jetistiriwge qaratilg`an. Diyxanshiliqta g`a`lleshilik, paxtashiliq, salishiliq, miyweshilik, ju`zimshilik, polizshilik, eshkishilik, qusshiliq, jilqishiliq, pal-ha`rreshilik, pilleshilik tarawlari iskerlik ko`rsetpekte. O`zbekistan ja`ha`n jalpi paxta jetistiriw boyinsha 4-orinda, paxta talasinin’ eksporti boyinsha 2-orinda (AQSHdan keyin) turadi. Sondayaq respublikada jetilistiriletug`in miywe, juzim, baw-baqsha, poliz o`nimlerinin` tiykarg`i bo`legin qon`silas ma`mleketlerge shig`ariladi. O`zbekistan o`zinin` sipatli pillesi ha’m qarako`li menen da dunyag`a belgili. Respublika toliq da’n g`aresizlikke erisip, shetke eksportda qilmaqta.

O`ndiris ekonomikalıq na`tiyjeliligi tek g`ana topıraq o`nimdarlıg`ına, ba`lki o`ndiristi sho`lkemlestiriw, basqarıw diziminin` bazar talaplarına juwap beriwi, ka`rxananın` mamanlı basshı ha`m qa`niygelerge iyeligi, materiallıq-texnika bazasının` ulıwma ahwalı, xızmetler ko`rsetiw tarawının` rawajlanıw da`rejesi sıyaqlı faktorlarg`a da baylanıslı bolıp tabıladı. Biraq, ba`rshe sha`rayatlar (sırtqı faktorlar) ten` halatta topıraq o`nimdarlıg`ı awıl xojalıg`ı eginleri o`nimdarlıg`ı artıwın ta`miyn etiwshi tiykarg`ı faktor esaplanadı. O`ndiris ekonomikalıq na`tiyjeliligine ko`plep sırtqı faktorlar ta`sir ko`rsetiwin, bunda jer ta`biyiy o`nidarlıg`ı sheshiwshi faktorlardan biri ekenligin esapqa alg`an halda, ekonomikalıq na`tiyjelilikti ta`miyn etiwshi tiykarg`ı ko`rsetkishlerden biri saplanıwshı o`nimdarlıq boyınsha maqvsetke muwapıq. bunda tiykarg`ı egin tu`ri tiykar sıpatında qabıl qılınıwı lazım. Bizin` mısalımızda tia`karg`ı sıpatında paxta qabıl qılıng`an.

Respublika awıl xojalıg`ındag`ı bar halat jerden paydalanıw ekonomikalıq na`tiyjeliligin asırıw shara-ilajların a`melge asırıwdı talap etedi. Awıl xojalıg`ında jerden paydalanıw na`tiyjeliligin asırıw jollarınan biri eginler quramın jetilistiriw esaplanadı. Bunda eginler quramının` optimal salıstırmasın tabıw ha`m onı

resurslar ta`miynatı ko`z-qarasınan rawajlandırıp barıw lazım. Awıl xojalıg`ı jerleri topıraq o`nimdarlıg`ı pa`seyip barıwının` aldın-alıw ha`m onı asırıp barıw aqsetinde eginler quramın aldindag`i jıllarg`a shekem bolg`an da`wirde a`ste-aqırınlıq penen o`zgerttirip barıw usınıs etiledi. Bul ilaj awıl xojalıg`ı eginleri o`nimdarlıg`ı ha`m ekonomikalıq na`tiyjelilik ko`rsetkishleri artıwı arqalı da sa`wlelenedi. Izertlewlerimiz na`tiyjelerine tayang`an halda respublika boyınsha 2010-2015 jıllar dawamında awıl xojalıg`ı egin maydanları quramı o`zgerisi keleshek ko`rsetkishleri islep shıg`ıldı. Respublikada paxta ha`m g`a`lle egin maydanları o`zgerisin esap-kitap qılıwda, paxta ha`m g`a`lle jetistiriwde erisilgen na`tiyjeler ha`m ma`mleket buyırtpasın orınlaw tiykar sıpatında qabıl qılındı. Sonın` ishinde, paxta egin maydanları kemeyiwi esabına palız ha`m miywe egin maydanların ko`beyttiriw imkanı tuwıladı. Palız eginleri qaytalamalı eginlersiz 2500 gektardan 4000 gektarg`a shekem, palız eginleri 1600 gektardan 3000 gektarg`a shekem artıwı ko`zde tutıladı. En` tiykarg`ısı, topıraq o`nimdarlıg`ın asırıwda za`ru`r a`hmiyetke iye bolıwshı ot-jem eginleri, sonnan, egin maydanların ko`beyttiriwge imkan tuwıladı. Usı menen birgelikte g`a`lle eginleri maydanların ko`beyttiriw talap etiledi. Usı eginler tiykarınan basqa eginler ushın belgilengen maydanlarg`a egiliwi ko`zde tutılmaqta. Respublikada 2010-2015 jıllar dawamında egin maydanları quramı o`zgeriwi awıl xojalıg`ı ka`rxanaları ta`repinen jetistiriletug`ın tiykarg`ı o`nim paxta ha`m g`a`lle mug`darının` kemeyiwine alıp kelmeydi.

## Juwmaqlaw

Respublika agrosanaat kompleksi ka`rxanalarında a`melge asırılıp atırg`an ekonomikalıq reformalar en` aldın-ala ha`r qıylı mu`lkshilikke tiykarlang`an jojalıq ju`rgiziw tu`rlerin rawajlandırıw ha`m olar ortasında salamat ba`sekini ju`zege keltiriw arqalı o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıwg`a qaratılg`an. O`z na`wbetinde, awıl xojalıq o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıw xojalıqlar ekonomikalıq erkinligi masshtabın ken`eyttiriwdi, xojalıq ju`rgiziwde ekonomikalıq metodlarg`a tayanıwdı, islep shıg`arılıp atırg`an o`nimlerdin` ba`sekige shıdamlılıg`ın asırıw ha`m isbilermenlikti rawajlandırıwdı ja`ne de teriitoriyalar boyınsha xojalıqlar qa`niygelesiwin ilimiy tiykarlang`an ta`rizde sheshiwdi talap qıladı. Respublikamızda awıl xojalıg`ında ekonomikalıq reformalardı a`melge asırıwdın` huqıqıy tiykarları jaratılg`an bolıp Respublika Oliy Majlisi ta`repinen qabıl qılıng`an «Jer kodeksi», «Awıl xojalıq kooperativleri (shirket xojalıqları», «Fermer xojalıqları», «Diyxan xojalıqları» tuwrısındag`ı nızamlar bar ha`m huqıqıy hu`jjetler kompleksin ja`ne de bayıttı.

Ekonomikalıq reforma ilajları na`wbettegi basqıshının` tiykarg`ı a`hmiyeti – awıl miynetkeshlerine xojalıq ju`rgiziwde tola erkinlik beriw, olarda o`ndiris quralların ha`m o`z miyneti na`tiyjelerine erkin iyelik qılıwları ushın ba`rshe sha`rt-sha`rayatlardı jaratıw bolıp tabıladı. Sebebi, bazar ekonomikasının` qarar tabıwı awıl xojalıg`ı o`ndirisinde ha`r qıylı mu`lkshilik tu`rindegi xojalıqlar xızmetinin` barlıg`ı ha`m olardın`erkinlik da`rejesi menen belgilenedi. Bazar ekonomikasına o`tiwdin` ha`zirgi basqıshında awıl xojalıq o`nimler o`ndiriw na`tiyjeliligin asırıw mashqalasın sheshiw, ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw arqalı miynetkeshlerde mu`lkke ha`m miynetke mu`na`sibetti tu`pten o`zgerttiriw, ha`r qıylı xojalıq ju`rgiziw tu`rlerin ja`ne de rawajlandırıw ja`ne de ishki xojalıq ju`rgiziw mexanizmin jetilistiriwdin` ilimiy tiykarlang`an teoriyalıq ha`m a`meliy qollanbaların o`ndiristi talap qıladı. Temanın` aktuallıg`ı da joqarıda atap o`tilgen mashqalalardın` za`ru`rligi arqalı belgilenedi.

# Paydalanilg’an a’debiyatlar

1. I.A.Karimov Vazirlar Mahkamasi majlisidagi ma’ruzasi. //Xalk suzi, 2007 yil,13 fevral, № 31 (4184).

2. Statisticheskoe obozrenie Uzbekistana za 2009 god

3. Davlat statistika qumitasi 2012y

4. I.A.Karimov. 2012-yil Vatanimiz tarakkietini yangi bosqichga kutaradigan yil buladi.. Vazirlar Mahkamasining majlisidagi ma’ruzasi, 2012. -3 b.

5. А. С. Муравьев, Г. Г. Олейник «Ауыл хожалыгы ондирисинин экономикасы оны шолкемлестириу хам планластырыу», No’kis “Qaraqalpaqstan” baspasi 1984

6. G.A. Samatov, J.E. Yodgorov, I.B. Rustamova, «Кишлок хужалиги ишлаб чикаришини ташкил этиш» Т. 2005

7. Ислом Каримов «Узбекистан иктисодий ислохатларни чукырлаштириш йулида» “Узбекистон” 1995

8. Хусанов Р. Х. кишлок хожалигида иктисодий ислохатлар ва аграр иктисодиёт. Т. 2004

9. Izimbetov T. «O`zbekstan ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw jolında».

No`kis. 1995 j.

10. A. Eshmuxammedov va boshqalar. Bozor munosabatlari sharoitida milliy iqtisodietning rivojlanishi. T wqituvchi 1996 y.

11. I. A. Karimov «Wzbekiston buyuk kelajak sari». T. Wzbekiston 1998 y.

12. Abdullaev O. I.dr. «Agrosanaat kompleksin bazar ekonomikasına o`tkeriu` problemaları». T.1992 j.

13. V. Chjen. «Qishloq xwjaligida mulkchilikning nodavlat shakllarini vujudga keltirish va xususiylashtirishga oid uslubiy qwllanmalar toplami» Toshkent 1994yil.

14. www. Ziyonet.uz

15. www.lex.uz